



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MURPHY, AK LAMONT ANONSE AKÒ SOU FINANSMAN
FEDERAL YO BAY SISTÈM TRANSPÒ PIBLIK REJYON AN**

***Finansman pou soulajman yo bay pou Ajans Transpò ki enkli MTA, NJ Transit ak
Depatman Transpò Connecticut ap ede konpanse pèt revni ki lye ak pandemi an***

Gouvènè Kathy Hochul, Phil Murphy, ak Ned Lamont te anonse jodi a yon akò sou-alokasyon finansman pou soulajman ijans federal ekstraòdinè ke Kongrè a repati pou rejyon an pou diminye risk pèt istorik ki lye ak pandemi an nan mouvman ak revni sistèm transpò a.

Aprè negosyasyon, eta yo te dakò pou apeprè 10.85 milya dola finansman ap pou New York, 2.66 milya dola ap pou New Jersey, epi 474 milyon dola ap pou Connecticut.

Finansman sa ki soti nan Lwa sou Kredi Sipleman tè pou Repons ak Soulajman pou Kowonaviris la (Coronavirus Response and Relief Supplemental Appropriations Act, 2021, CRRSAA) ak Lwa sou Plan Sovtaj Ameriken an (American Rescue Plan Act, ARPA), rekonèt ke rejyon twa eta a te pami rejyon ki te pi frape pa pandemi an epi bay resous ki nesèsè pou metwo ki pi gwo nan peyi a, sèvis wout ray ak bis ki sitiye nan eta sa yo evite lisansiman, konje ak rediksyon sèvis grav. Ajans transpò sa yo te asire ke travayè esansyèl yo ta ka kote yo pi bezwen yo, epi finansman sa ap ede sipòte rekiperasyon ak dirabilite ki p alontèm yo.

"Mwen vle remèsye Prezidan Biden, Senatè Lidè Majoritè a Schumer, Senatè Gillibrand, ak Prezidan Pelosi paske yo sekirize finansman pou transpò ki tèlman nesèsè sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Vil New York ak rejyon twa eta a pa ka rekipere konplètman de pandemi an san ajans transpò nou yo k ap deplase nan fason ki efikas epi efisyan plizyè milyon moun k ap antre epi soti nan Vil New York chak jou. Nan kad yon seri konvèsasyon ki pwodiktif ak kamarad gouvènè mwen yo, mwen kontan ke nou rive jwenn yon antant ki benefik pou tout moun."

"Pa gen anyen ki pi enpòtan pou redrèsman ekonomik rejyon nou an pase sistèm transpò an mas nou an. Avèk akò sa, nou asire yon transpò ki fyab epi nan tout sekirite pandan travayè nou yo ap retounen nan biwo yo," **Gouvènè Phil Murphy te deklare.** "Mwen remèsye Prezidan Biden, Prezidan Pelosi, Lidè Majoritè Sena a Schumer, ak delegasyon kongrè New Jersey a pou lidèchip yo sou pwoblèm sa, ak

Gouvènè Hochul ak Lamont paske yo travay ansanm ak New Jersey pou ranfòse rezo transpò rejyon nou an."

"Akò ki rive pran aswè a pa Connecticut, New York, ak New Jersey se bon nouvèl pou rejyon nou an," **Gouvènè Ned Lamont te deklare.** "Sa asire gen finansman federal ki enpòtan ki disponib kounye a pou sipòte rekiperasyon sistèm transpò piblik eta nou an ki te souffri anpil de pèt finansye ke pandemi an te lakoz. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Murphy pou kolaborasyon yo pou reyalize sa".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)